

Politik sou Byennèt

REZON AVÈK ENTANSYON POLITIK LA

An jeneral, yon bon lasante ankouraje bon patisipasyon elèv yo epi li optimize potansyèl pèfòmans elèv yo pou asire ke okenn timoun pa rete dèyè. Objektif règleman an se asire ke chak elèv resevwa opòtinite kontini ki fèt pou bay elèv la plis chans pou li pwan desizyon pozitif pandan tout lavi li. Edikasyon sou lasante bay elèv yo yon kontni enpòtan ki pèmèt li devlope ak demontre konesans, atitud ak pratik ki genyen rapò avèk lasante. Edikasyon fizik ak regilye se yon pati entegral nan edikasyon global elèv yo, ki kontribye nan devlopman fizik yon moun atravè pwomosyon ak apresyasyon kilti fizik. Sèvis manje nan lekòl yo pral bay elèv yo yon varyete manje abòdab, nourisan epi tou ki atiran ki satisfè bezwen sante ak nitrisyon elèv yo.

A. Ofri yon anviwònman pou aprantisaj konplè pou devlope epi pratike konpòtman byennèt pandan tout lavi yo.

Anviwònman lekòl la tout antye, non sèlman sadelklas la, dwe kanpe ak objektif pou yon lekòl sen pou enfliyanse pozitivman konpreyansyon, kwayans ak abitud yon elèv nan domèn ki genyen rapò avèk bon nitrisyon, aktivite fizik regilye, avèk pratik mòd vi sèn. Nan bilten enfòmasyon lekòl la, pèsonèl nou an distribye enfòmasyon sante pro-aktif ak konsèy antisipativ bay tout kominote lekòl la. Yo pral sèvi ak tablo dafich avèk postè pou montre mesaj sou pwomosyon sante pandan tout ane lekòl la.

B. Sipòte epi ankouraje bon nitrisyon ak bon abitud dyetetik kontribye nan eta sante elèv yo avèk pèfòmans akademik yo.

Pwogram Manje Lekòl la

Tout manje avèk bwason yo sèvi nan lekòl la pou manje maten ak manje midi satisfè oswa depase estanda nitrisyonèl akseptab. Yo mete aksan sou manje ki genyen eleman nitritif pou chak kalori. Pou asire bon jan kalite manje nourisan, nan sèvis manje yo, yo konsiderasyon varyete, enterè, gou, sekirite, avèk anbalaj.

- Manje lekòl ranbousab yo satisfè, pou pi piti, règleman Sekretè Agrikilti a dapre paragaf (a) ak (b) seksyon 10 Lwa sou Nitrisyon Timoun (ACT USC 1779) ak seksyon 9(f)(1) ak 17. (a) Lwa pou manje midi nan lekòl nasyonal Richard B. Russell (42U.SC 1758 (f)(1), 1766(a), Estanda Nitrisyonèl USDA ak Gid Alimantasyon Ameriken yo.
- Meni yo prepare epi yo sèvi manje pou enkòpore varyete, enteresan, gou ak sekirite pou asire bon jan kalite manje. Se City Fresh Foods ki bay manje nan Conservatory Lab. Dapre kontra lekòl la ak City Fresh Foods, depi pòsyon manje yo satisfè oswa depase direktiv ki endike anwo yo.
- Lè manje avèk orè:
 - Lekòl la pral bay elèv yo omwen 10 minit pou yo manje apre yo fin chita pou manje maten epi 20 minit apre yo fin chita pou manje midi.
 - Manje midi yo pwograme pi pre mitan jounen lekòl la ke posib.
- **CONSERVATORY LAB SE YON LEKÒL KI PA SÈVI AVÈK NI PISTACH NI NWA. POU SEKIRITE ELÈV NOU YO KI GEN GWO ALÈJI NWA, GOUTE AK/OSWA MANJE KI GEN PISTACH AK/OSWA GRENN NWA YO PA OTORIZE NAN KOMINOTE LEKÒL LA.**

- Paran va pale avèk pwofesè oswa direktè a anvan yo voye manje pou yo pataje. Sa a se paske chak lekòl gen timoun ki gen alèji grav, ki menase lavi nan tout kalite ak lòt restriksyon sou rejim kèk timoun. Yo pa dwe mete okenn timoun nan risk pou yo gen yon reyaksyon alèjik ak manje yo pote nan lekòl la.
- Administrasyon lekòl la ap fè mizajou regilyè pou estaf yo konsènan timoun ki gen gwo alèji pou yon manje.

Edikasyon sou Nitrisyon avèk Lasante

- Nap bay ansèyman sou nitrisyon kòm yon pati nan ansèyman sal de klas nan lòt matyè tankou matematik, syans, langaj, syans sosyal, ou byen ochwa pou bay elèv yo konesans ak ladrès ki nesèsè pou ankouraje epi pwoteje sante.
- Ansèyman sou nitrisyon genyen ladan aktivite ki agreyab, ki apwopriye pou devlopman, ki genyen rapò avèk kilti, ki enteresan, tankou konkou, festival miltikiltirèl ak degistasyon manje, pwomosyon, vizit nan fèm, avèk jaden lekòl;
- Yap anseye yon klas edikasyon sèksyèl konplè nan Lekòl Primè pou anpeche konpòtman ki a risk ki kapab afekte lasante avèk byennèt elèv yo. Paran oswa gadyen li/yo pral bay pèmision pou chak elèv pou patisipe nan pwogram sa a.

C. Ofri elèv yo opòtinite pou yo patisipe nan aktivite fizik.

Yon pwogram aktivite fizik se yon eleman esansyèl pou tout elèv apwann epi patisipe ladan l pou devlope ladrès pou tout lavi yo avèk plezi nan aktivite fizik.

- Orè lekòl la gen ladann rekreyasyon chak jou pou elèv ki nan klas elementè yo. Pandan rekreyasyon chak jou, yo ankouraje elèv yo pou yo patisipe nan jwèt yo òganize ki ankouraje devlopman motè avèk aktivite arewobik.